

Prepare pou Inivèsite Ak Lis Verifikasyon Ane Tèminal Nou An

DELAWARE STUDENT
SUCCESS



Otòn



! *Konplete lis bagay ou gen pou w fè nan otòn nan pou w rete nan bon direksyon an.*

Fini

Kòmantè/ Enkyetid/Nòt

Rankontre ak konseye eskolè ou a.

Lè w rankontre regilyèman ak konseye eskolè ou a, ou kapab asire w ke w nan bon direksyon pou w atenn objektif yo apre lekòl segondè w.

Kreye yon CV.

Pran tan pou w kreye yon bon CV. Se pral yon dosye sou reyalizasyon akademik ou yo, aktivite andeyò lekòl, volontarya ak eksperyans pwofesyonèl depi kòmansman etid segondè ou.

Aplike pou bousdetid.

Sèvi ak DSS **Delaware Scholarship Compendium** pou jwenn epi aplike pou bousdetid. Verifye chak mwa pou wè si gen nouvo opòtinite.

Finalize Lis Inivèsite Ou Yo.

Sèvi ak òganizatè DSS **"Finalize Lis Inivèsite Ou Yo"** pou limite l ak 4-8 pi bon chwa inivèsite ki koresponn ak bezwen ou yo.

Patisipe nan Ekspozisyon sou Karyè ak Edikasyon Siperyè.

Patisipe nan ekspozisyon sou karyè ak edikasyon siperyè, an pèsòn oswa adistans.

Kontakte referans ou yo.

Bay yon fèy prezantasyon ak/oswa yon CV ak moun ou te mande pou yo ekri lèt rekòmandasyon ou yo omwen yon mwa anvan dat limit pou soumèt premye aplikasyon w lan. Sonje voye nòt remèsiman.

Jwaye Antre nan Mwa Avni Ou.

Nan mwa Oktòb ak Novanm, lekòl ou a pral konsakre tan pou ede w oryante w pou inivèsite apre lekòl segondè. Resous nou yo pral ede fè pwosesis pou inivèsite ou yo pi fasil.

Aplike pou Inivèsite.

Kòmanse aplike nan 8-10 inivèsite ki pi apwopriye pou ou. Sèvi ak DSS **"Gid Fason pou Aplike nan Inivèsite"** pou ede ou nan demach aplikasyon ak admisyon yo. Profite avantaj Aplikasyon DSS la bay ki se **Frè Egzonerasyon an** pou aplike pou plis pase 40 inivèsite gratis.

Soumèt rezilta tèst estandadize yo

Rapèl: Deside si w ta dwe soumèt **rezilta tèst estandadize w yo** bay inivèsite ou yo. Gen kèk lekòl ki gen politik tèst-opsyonèl. Aprann plis **isit la**.

Tcheke imèl ou!

Pou aplikasyon w yo, sèvi ak kont imèl pèsònèl ou an epi verifye li regilyèman, sa ki gen ladann katab espam lan, pou komunikasyon ki soti nan inivèsite yo.



Sezon ivè



Kontinye planifye siksè w ak aktivite sezon ivè sa yo.

Konplete FAFSA a.

Ranpli FAFSA a (Free Application for Federal Student Aid) nan kòmansman mwa Desanm pou maksimize opòtinite èd finansye yo. Pou enfòmasyon ak sipò gratis pou ranpli FAFSA, vizite [paj DSS FAFSA](#).

Fini

Kòmantè/ Enkyetid/Nòt

Aprann sou desizyon admisyon yo.

Aprann sou diferan [desizyon admisyon](#) yo ak pwochen etap apre w fin soumèt aplikasyon w lan.

Kontinye aplike pou bousdetid.

Kontinye chèche epi aplike pou bousdetid sou [Delaware Scholarship Compendium](#) nan (yo ajoute nouvo bousdetid chak mwa). Gade tou sou [bousdetid nan eta Delaware](#).

Rankontre ak konseye eskolè ou a.

Pale ak konseye eskolè ou a pou asire w ke ou nan bon direksyon pou gradyasyon ak lavi apre lekòl segondè.

Verifye imèl ou.

Verifye imèl ou regilyèman pou asire w ke ou pa manke komunikasyon ki soti nan inivèsite yo.

Prentan



Fini ane tèminal ou a an fòs ak aktivite prentan sa yo.

Konpare Èd Finansye Yo.

Aprann sou diferan kalite èd finansye epi sèvi ak òganizatè DSS [Compare Financial Aid Award Letters](#) pou konpare depans ak èd finansye nan inivèsite yo.

Kontinye chèche bousdetid la.

Kontinye chèche epi aplike pou bousdetid. Nan Eta Delaware, twa [bousdetid](#) ou ka kalifye pou yo, y ap remèt yo nan dat 15 Me.

Jwaje Jounen Desizyon

Jwaje Jounen Desizyon nan dat 1ye Me. Asire w ke ou soumèt akseptasyon ou an epi fè depo w la pou ale nan lekòl ou chwazi a.

Soumèt FAFSA a alè!

Ranpli [FAFSA](#) a avan dat 15 Me pou ou kalifye pou èd finansye leta ak federal pou elèv yo.

Pwograme yon vizit Sante ak Byennèt.

Pran vaksen ki nesèsè yo nan Sant Byennèt lekòl ou a anvan ou gradye.

Pou jwenn plis resous, vizite [delawarestudentsuccess.org](#) oswa imèl DHEO@doe.k12.de.us.

@DEStudentSuccess



Antre nan avni w



Sèvi ak lis verifikasyon dijital la

Jwi gradyasyon epi selebre siksè w.